



THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL

ROBERT M. AVOSSA, Ed.D.
SUPERINTENDENT

CHUCK SHAW
CHAIRMAN

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-629-8566 / FAX: 561-649-6837
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG/SUPERINTENDENT

DEBRA ROBINSON, M.D.
VICE-CHAIRWOMAN

MARCIA ANDREWS
FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.
KAREN M. BRILL
BARBARA McQUINN
ERICA WHITFIELD

27 fevriye 2018

Chè Paran,

Pandan nou tout ap kontinye gen lapenn pou vwazen nou nan rejyon *Broward* ki te pèdi lavi yo san rezon, mwen te resevwa anpil mesaj enkyetid sou sekirite nan lekòl nou yo. Lekòl Rejyon Palm Beach yo te toujou genyen sekirite elèv yo kòm yon priyorite epi yo envesti lajan nan youn nan pibon fòs polis ki genyen nan eta a.

Ofisye Polis Lekòl nou yo gen zam epi se ofisye legal ki sètifye ak ki resevwa antrènman adisyonèl pou sipòte elèv ak lekòl yo nan edikasyon, bon rapò, ak nan epòk kriz, yon repons total lapolis pou ijans. Rete asire, yo byen antrene pou tout kalite repons, enkli senaryo ki enplike yon tirè aktif. Mwen ta renmen pran yon tan pou pataje kèk nan dispozisyon n ap pran nan distri a pou nou sekirize ak pwoteje lekòl nou yo pi plis.

Sekirite nan Lekòl

Malgre nou revize plan sekirite yo regilyèman, apre trajedi Parkland nan, mwen imedyatman mande direktè/tris yo pou yo revize pwotokòl ak pwosedi sekirite avèk manm pèsònèl yo epi ankouraje yo pou yo travay avèk lapolis lekòl pou fè tout chanjman ki nesèsè ak rezonab nan lekòl yo pou asire sekirite.

Epitou, direktè/tris yo te fè yon evalyasyon serye nan lekòl yo ak yon lis Divizyon Operasyon te voye bayo. Divizyon Operasyon ap revize epi bay priyorite ak tout demand travay ki gen rapò avèk sekirite lekòl, enkli san l pa limite ak, seri, kle, kloti abime, bezwen imedyat potansyèl pou kloti tanporè oswa lòt pwoblèm direktè/tris la idantifye. Pwosesis sa a enkli tou reevalyasyon pwojè anba kouvèti taks yon santim sou lavant la, pou priyorize travay ki konsène pwoteksyon ak sekirite.

Pandan premye semèn avril la, yon ekip ekspè sekirite ki soti nan gran distri lekòl lavil atravè peyi a ap vini nan Rejyon Palm Beach pou etidye sistèm ak pwotokòl epi fè tout rekòmandasyon ki nesèsè pou amelyorasyon. Sa ap rive similtaneman pandan Jij Siprèm Eta a ap reyini yon granjiri pou evalye divès pwoblèm, enkli pwoteksyon ak sekirite nan lekòl nou yo. Nou genyen entansyon revize rekòmandasyon ki soti nan evènman sa yo pou amelyore sekirite nan lekòl, nan tout domèn.

Nou tande tout enkyetid ak sijesyon ou yo konsènan sekirite lekòl nou yo pou rann li pi difisil pou moun vin nan lekòl yo. Anpil nan lekòl nou yo se ansyen etablisman epi zòn eksteryè yo fèt lontan anvan menm lekòl te vin objektif pou vyolans. Nouvo lekòl yo pral gen sekirite kòm yon priyorite. Pou kounye a, n ap remède risk ki pi aparant yo an premye epi planifye pou mete plis sekirite konsènan plis kloti, plis kamera, plis Ofisye Resous Lekòl ak plis sipò sante mantal pou elèv yo. Sepandan, kalite amelyorasyon sa yo vini ak yon kondisyon enpòtan pou finansman.

Bidjè Gouvènè a pwopoze a se yon etap nan bon direksyon, men se pa yon travay ki fini. Li enpòtan pou w ekri Lejislatè w yo pou ankouraje yo finanse antyèman pwopozisyon Gouvènè a san yo pa pran lajan ki kouvri depans lòt pwogram yo. Finansman pou sekirite elèv yo pa kapab yon manigans, li dwe yon lajan ki nouvo epi ki disponib pou kouvri nan ane k ap vini yo. Yo kapab jwenn yon modèl lèt ansanm ak adrès imèl Lejislatè yo nan (insert link). Tanpri pran yon ti moman pou fè demand enpòtan sa yo ak otorite ou te eli yo.

Disipline Elèv ak Medya Sosyal

Nan mitan trajedi sa a, mwen desi paske gen kèk elèv ki te chwazi pou difize menas sou medya sosyal nan lekòl nou yo. Kite m eksprime mwen klèman; yo pral mete deyò elèv ki pote zam nan lekòl oswa k ap fè menas kont lekòl yo. Mwen te pataje sa ki anba la a avèk Direktè/tris yo:

N ap mete deyò, tout elèv ki enplike nan ensidan ki gen rapò ak zam; sa enkli piblikasyon sou medya sosyal ki montre zam, foto ki gen zam, arestasyon kote elèv la te gen zam ak investigasyon ajan sekirite fè, Revolvè BB/Pellet ki gen rapò ak menas oswa nenpòt lòt objè ki itilize kòm zam.

Li enpòtan pou paran yo pale regilyèman ak pitit yo konsènan fason ki apwopriye pou yo itilize medya sosyal yo. Anpil nan elèv yo ki fè menas sa yo an "jwèt" pral sibi konsekans sevè ki pral gen enplikasyon k ap dire lontan. Pou avanse ak sa, m ap mande pou elèv ak lòt manm nan kominote a pou pa pataje menas sou medya sosyal ak lòt moun, okontrè, rele Polis Lekòl la imedyatman pou rapòte sa.

Petèt tou, ou te deja tande, Biwo *Sheriff* Rejyon Palm Beach la te fè aranjman pou paran ak elèv gen yon nouvo *app* ki rele Pwoteksyon Elèv "*Student Protect*" – yon platfòm kote elèv yo kapab di sa yo wè, san yo pa bay non epi nan moman l ap pase a.

Yo di mwen, *app* sa a pral pèmanan nan *Google Play* ak *Apple Store* trè byento epi mwen kwè l ap yon enstriman adisyonèl pou elèv yo jwe yon wòl nan sekirite lekòl yo. Anplis, n ap mobilize ajan nou gen nan kominote nou an ki sipòte lekòl nou yo pou ofri lòt sipò sou sante mantal bay elèv ak fanmi ki nan kriz yo. Ou kapab gen aksè ak resous sa yo lè ou kontakte konseye akademik ki nan lekòl pitit ou a.

Defans Elèv

Obsève elèv nou yo k ap kouri kite lekòl yo semèn pase a sa te afekte nou tout emosyonèlman. Mwen te fyè de elèv nou yo ki te pasyone ase pou yo aji, men trè konsène sou kesyon pwoblèm sekirite ki te soulve lè elèv yo te chwazi pou kite lekòl la. Avèk ide sa a, mwen te ankouraje Direktè/tris yo pou kòmanse planifikasyon ak elèv yo ki ta vle rekonèt 14 mas kòm yon *Jou pou Aksyon*.

Jounen sa a dwe planifye avèk sekirite kòm priyorite. Lè elèv chwazi pou kite sekirite lekòl yo, sa epuize resous ak fòs Polis Lekòl nou yo ak Administrasyon Lekòl la pou divize atansyon yo. Tanpri pale avèk pitit ou sou enpòtans rete nan lekòl la nan dat 14 mas ak patisipe nan aktivite defans ki planifye nan lekòl yo a, paske administratè lekòl yo pap kapab sipèvizè oswa eskòte elèv ki kite lekòl la.

Mwen fyè pou aktivite elèv nou yo te deja kòmanse antreprann pou sipòte elèv Rejyon Broward yo. Depi nan nòt sipò, rive nan lèt pèsònèl, pou rive nan don lajan nou resevwa, elèv nou yo kontinye ekri yon narasyon kote jenerasyon yo a ap fyè pou yo reflechi, malgre tan boulvèse yo dwe travèse.

27 fevriye 2018

Page 4 of 4

Mwen ta renmen remèsye tou Biwo Sheriff la ak plizyè lòt Depatman Polis ki te sipòte lekòl nou yo nan moman difisil sa a avèk lòt patwouy ak ofisye nan lakou ak ozalantou lekòl nou an. Konvèsasyon nou sou sekirite, sipò ak sante mantal elèv ap kontinye.

Mèsi davans paske w te angaje nan konvèsasyon an ak pou sipò kontini ou bay lekòl nou an.

Sensèman,



Robert M. Avossa, Ed.D.
Sipèentandan

RMA/AS:ar